**ВИКТОРИНÆ**

**«ХЕТÆГКАТЫ КЪОСТАЙЫ ЦАРД ÆМÆ СФÆЛДЫСТАД»**

**Архайджытæ:** *Алагиры дæсæм рæвдауæндоны хъомылгæнджытæ.*

**Аразæг æмæ амонæг:** *ирон æвзаджы хъомылгæнæг Дзгойты Зæлинæ.*

Хъомылгæнджытæ дих кæнынц дыууæ къордыл æмæ ерыс кæнынц, чи тагъддæр æмæ растдæр ратдзæн дзуапп фарстæн. Кæд чи фæразæй ис, уыцы къорд раст дзуапп нæ радта, уæд иннæ къордæн бар ис раст дзуапп раттынæн. Иу раст дзуапп – иу балл. Хъазты кæрон тæрхонгæнæг хатдзæг скæндзæн æмæ уæлахиздзау къорд сбæрæг кæндзæн.

1. Кæд æмæ кæм райгуырд Хетæгкаты Къоста***? (15 октябры 1859 азы, Нары хъæуы)***

2. Чи уыдысты йæ мад æмæ йæ фыд? ***(Хетæгкаты Леуан, Гуыбаты Мария)***

3. Къостайы йæ мады мæлæты фæстæ чи схаста? ***(Дзапарты Чендзе)***

4. Къоста 1871-1881 азты кæм ахуыр кодта? ***(Стъараполы гимназийы)***

5. Кæм ахуыр кодта Къоста ныв кæныны дæснийадыл? ***(Бетъырбухы аивæдты Академийы)***

6. Бетъырбухы аивæдты Академийы Къоста ахуыр кодта зындгонд уырыссаг нывгæнджытимæ. Уыдон уыдысты… ***(Михаил Врубель, Валентин Серов)***

7. Фыццаг хатт кæд æмæ цæй тыххæй æрвыст æрцыд Дзæуджыхъæуæй? ***(Хъæрæсемæ. Ирон чызджыты скъола нæ бауагъта æхгæнын)***

8. Дыккаг хатт Къоста кæдæм, цæй тыххæй æмæ кæй тыххæй хаст æрцыд? ***(Херсонмæ, инæлар Кахановы мæнг хахуырты тыххæй. Уый загъта, цыма Къоста кæйдæр чындзæхсæвы фыдракæнд скодта æмæ***

***пъæлицонты фæнадта. Уый та уыд Къоста нæ, фæлæ йе' мном, 17 аздзыд Хетæгкаты Созрыхъойы фырт)***

9. Къостайы поэтикон курдиат æргомæй кæд æмæ кæм райхæлд? ***(1885 азы, Бетъырбухы аивæдты Академийæ Ирыстонмæ куы сыздæхт, уæд)***

10. Цавæр газеты райдыдта кусын æмæ мыхуыр кæнын йæ уацмыстæ Къоста? ***(Стъараполы газет «Северный кавказ»)***

11. Къостайæн уыд псевдоним. Цавæр? ***(Нарон)***

12. Къостайы автобиографион æмдзæвгæ куыд хуыйны? ***(Чи дæ?)***

13. Кæм ныгæд æрцыд Къоста фыццаг хатт æмæ дыккаг хатт дæр? Цæмæ æрцыд дыккаг хатт ныгæд?

***(Фыццаг хатт – Лабæйы аргъуаны кæрты йæ фыды фарсмæ. Дыккаг хатт – Дзæуджыхъæуы, Ирон аргъуаны кæрты. Терчы зылды интеллигенцийы, сæйрагдæр та, Æмбалты Цоцкойы уынаффæмæ гæсгæ ныгæд æрцыд Дзæуджыхъæуы)***

14. Чи загъта ацы ныхæстæ Къостайæ: «Къоста махæн у Бонвæрноны стъалы – хæссы нын боны рухс æмæ царды фарн», «Къоста у ирон Прометей»?

***(Джыккайты Шамил)***

15. Чи схуыдта Къостайы «Леонардо да Винчи осетинского народа»? ***(Алексей Фадеев)***

16. Кæд рацыди æмæ куыд хуынди Къостайы æмдзæвгæты æмбырдгонд? ***(1899 азы, З.Шуваловы типографийы Дзæуджыхъæуы)***

17. Цæй тыххæй фæбыцæу сты Къоста æмæ йæ хорз хæлар Байаты Гаппо? ***(Гаппо «Ирон Фандыры» цалдæр æмдзæвгæйы йæхимæ гæсгæ срæстытæ кодта æмæ уый Къостайæн тынг хъыг фæци)***

18. Байаты Гаппо цæй тыххæй бацыд Къостайы зæрдæхудты æмæ йын йе’мдзæвгæтæ цæй тыххæй сраст кодта? ***(Уымæн æмæ сæ цензурæ куыд уыдысты, афтæмæй мыхуыр кæнын нæ бауахтаид)***

19. Цавæр æмдзæвгæйæ райдыдта Къостайы «Ирон фæндыр»? ***(«Ныстуан»)***

20. Цавæр поэмæ кæронмæ фыст нæ фæци Къоста? ***(«Хетæг», «Кæуæг айнæг» («Плачущая скала»)***

21. Къоста адæмон сфæлдыстады бындурыл цавæр уацмыстæ ныффыста? ***(«Æфсати», «Уæлмæрдты», «Лæскъдзæрæн»…)***

22. Цавæр уацмысы равдыста Къоста бæхфæлдисыны æгъдау? ***(«Уæлмæрдты»)***

23. Цавæр уацмысæй ист у ацы строфа?

*Оххай-гъе! Не знаг нæ былмæ фæтæры,* -
*Кадмæ бæлгæйæ æгадæй мæлæм…*
*Адæмы фарнæй къæдзæх дæр ныннæры,* -
*Гъе, мардзæ, исчи! – бынтон сæфт кæнæм!..* ***(«Додой»)***

24. Куыд хуыйны Къостайы сывæллæттæн æмдзæвгæты æмбырдгонд? ***(«Мæ лæвар Иры сабитæн»)***

25. Ахæццæ кæнут дарддæр æмдзæвгæ æмæ йын зæгъут йæ сæргонд.

*Мыггагæй мæ ма фæрс,* -
**………………………… *(Уæздан лæг нæ дæн)***
*Мæ уындмæ мын ма кæс,* -
**…………………………*(Нæ бæззын чызгæн)***

***(«Чи дæ?»)***

26. Цавæр уацмысæй ист у ацы строфа?

*Лæджы хуызæн лæг нæм – ыстæм,*

*Бæрæг дæр нæ нал ис, цы стæм,*

*Цы уыдзæн нæ фидæн, нæ фæстаг?* ***(«Ракæс»)***

27. Чи уыдисты Къостайы царды дыууæ Аннæйы? ***(Цæлыккаты Анна æмæ Анна Попова)***

28. Дыууæ Аннæйæ Къостайы æнкъарæнтæн разыйы дзуапп чи радта? ***(Анна Попова)***

29. Цæй фæдыл фыст æрцыд Къостайы æмдзæвгæ «Хæрзбон»?

***(Цæлыккаты Аннæ йын йæ уарзондзинад кæй нæ айста, уый фæдыл)***

30. Къостайы уацмыстæй кæцыйы фембæлæн ис ацы ныхæстыл: «Аннæ, мæ фæстæ цу» æмæ кæмæн загъд сты? ***(поэма «Фатимæ»-йы, Анна Поповайæн)***

31. Кæимæ уыдис фидыд Къоста? ***(Хуырымты Лейлæимæ)***

32. Куыд рауад Къостайы мойаджы хъысмæт? ***(Лейла амард 22 аздзыдæй)***

33. Цавæр æвзагыл фыст уыд Къостайы поэмæ «Фатимæ»? ***(уырыссаг æвзагыл)***

34. Цы зонут Анна Поповайы хъысмæты тыххæй? ***(Йæ бинонтæ Къостайæн разыйы дзуапп нæ раттой. Уæд Анна дзырд радта кæй никуы смой кæндзæн æмæ йæ ныхас сæххæст кодта. Фæцард æнамондæй 80 азы онг æмæ амард зыбыты иунæгæй)***

35. Къоста æрдзы тыххæй цавæр нывтæ скодта? ***(«Тебердайы ком», «Æрдзон хид», «Зихъарайы æфцæг», «Столовая гора»)***

36. Кæй фæлгонц ис базонæн Къостайы нывы «Хъыггæнæг зæд» («Скорбящий ангел»)? ***(Анна Поповайы)***

37. Куыд хуыйны Къостайы этнографион очерк? ***(«Особа»)***

38. Кæй ныхæстæм гæсгæ ныффыста ирон царды очерк «Особа»? ***(йæ фыды ныхæстæм гæсгæ)***

39. Кæд æмæ кæм амард Къоста? ***(Лабæйы, йæ хо Олгайы хæдзары, 1906 азы 1 апрелы )***

40. Къостайы ном æнустæм космосон тыгъдады куыдæй (цавæр хуызы) баззад? ***(1999 азы стъалыгуппар «Дракон»-ы иу стъалыйæн радтой Къостайы ном)***